

**Kapitayan Sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar
Anggitane Ki Sudadi
(Tintingan Antropologi Sastra)**

**KAPITAYAN SAJRONE CERBUNG DHUWIT BALIK DEWI LANJAR ANGGITANE KI SUDADI
(TINTINGAN ANTROPOLOGI SASTRA)**

Rhama Wira Tamtama

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
rhamatamtama@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Crita sambung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* anggitané Ki Sudadi nyritakake para korban sing wis kena apuse tokoh spiritual. Kanthi cara maneka warna para korban bisa diapusi dening tokoh spiritual kang jenenge Kyai Yazid. Para korban bisa diapusi amarga padha kena perkara ekonomi. Cara ngapusi yaiku kanthi cara nggawe barang pusaka kang aran Dhuwit Balik Dewi Lanjar. Sajrone gawe barang pusaka kuwi, ana srana lan pepaline. Kabeh lakune crita ora bisa uwal saka anane kapitayan kang gegayutan karo panguripane masyarakat Jawa. Adhedhasar lelandhesan panliten kasebut, tujuwan panliten iki yaiku (1) Njlentrehake wujud kapitayan sajrone crita sambung DBDL, (2) Njlentrehake tangkepe masyarakat tumrap kapitayan sajrone crita sambung DBDL, (3) Njlentrehake kang nglandhesi tuwuhe kapitayan sajrone cerbung DBDL.

Ancangan panliten iki nggunakake metode deskriptif kualitatif amrih bisa menèhi gambaran kang gamblang lan objektif ngenani kapitayan sajrone crita sambung DBDL. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku crita sambung kanti irah-irahan *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* anggitané Ki Sudadi diterbitake dening penerbit Djoko Lodhang taun 2009. Teori kang digunakake minangka landhesan kanggo mawas prakara-prakara mau yaiku tintingan antropologi sastra kang diandharake dening Ratna. Dhata-dhata kang digunakake sajrone panliten arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana ing sajrone crita sambung DBDL mligine kang nggambarake crita kapitayan. Tata cara panglumpuking dhata sajrone panliten iki nggunakake teknik pustaka lan wawancara.

Asile panliten wujud kapitayan sajrone CSDBDL yaiku ana telu, yaiku (1) kapitayan tumrap mitos, (2) kapitayan tumrap mistis, lan (3) kapitayan tumrap dhukun. Tangkepe masyarakat tumrap kapitayan sajrone CSDBDL ana telu, yaiku (1) nyengkuyung tumrap kapitayan mitos, (2) nyengkuyung tumrap mistis, lan (3) nyengkuyung tumrap anane dhukun. Kang nglandhesi tuwuhe kapitayan sajrone CSDBDL ana loro, yaiku (1) amarga ana paraga kena perkara kulawarga, lan (2) kena perkara ekonomi.

Tembung-tembung wigati : kapitayan, mitos, mistis, lan dhukun.

PURWAKA

1.1. Landhesane Panliten

Objek karya sastra yaiku realitas. Sastrawan minangka *causa prima* laire karya sastra bisa nggambarake pangripta sajrone karya sastra (Sugihastuti, 2002:166). Sastra minangka ekspresi saka pribadi sastrawan. Kapribaden, pangrasa, ide sastrawan bisa ndadekake karyane urip. Sistem pamikire sastrawan nduweni perbawa saka ideologi, nilai, orientasi saka kabudayan sajrone realitas uripe. Mula saka iku, teks sastra ora mung kanggo panglipur lara wae, ananging uga dadi crita kang nduweni daya pikir. Minangka crita kang nduweni daya pikir, sastra nggayutake maneka warna sistem budaya lan sejarah kang ana ing masyarakat.

Saliyane digayutake karo sistem budaya lan sejarah, sastra uga bisa digayutake karo sistem politik. Sastra bisa weneh kritik sosial lan ngandharake kahanan kang dumadi sajrone bebrayan lumantar karya sastra. Sawijine tuladha yaiku ngenani kapitayan. Kapitayan

yaiku anggapan utawa keyakinan samubarang kang dipercaya kabenerane lan nyata (Tim, 2001:753). Panemu liya diandharake dening Endraswara (2003:38) ngandharake kapitayan minangka paham kang asipat dagmatis (manut) kang kabentuk sajrone adat istiadat panguripan saben dina saka maneka warna suku bangsa kang percaya marang apa kang dipercaya dening leluhur. Manungsa Jawa nduwe maneka warna kapitayan, kayata percaya marang mitos, mistis, samubarang kang gaib, dhukun, utawa adat istiadat. Kabeh iku minangka wujud tinggalane leluhur.

Karya sastra kang nggayutake critane karo bab kapitayan pancen akeh banget. Kabeh mau ora bisa uwal saka pangaribawane pangripta. Pangripta anggane ngripta karya sastra bisa saka daya imajinasine dhewe, lan bisa uga saka pengalaman uripe. Sawijine sastrawan Jawa kang karyane ngemot bab kapitayan yaiku Ki Sudadi. Ki Sudadi kalebu sawijine sastrawan Jawa kang karyane kerep kapacak ing majalah Jawa. Crita kang diripta dening Ki Sudadi kayadene cerkak *Warung LGBT* ing

Kapitayan Sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar
Anggitane Ki Sudadi
(Tintingan Antropologi Sastra)

Koran Kedaulatan Rakyat rubrik Mekarsari, banjur *Bagong Dadi Tumbal*, Uwan uga ana ing Koran Kedaulatan Rakyat. Saliyane kuwi ing kalawarti Panjebur Semangat uga ana yaiku *Netra Katresnan*, lan sapiturute. Saliyane iku, uga ana karya sastra anggitane Ki Sudadi kang ngangkat bab kapitayan awujud crita kang akeh manungsa percaya marang bab mitos, mistis, lan dhukun. Crita kasebut diterbitake ing majalah Djaka Lodhang awujud Cerbung kanthi irah-irahan *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*.

Cerbung kanthi irah-irahan *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* anggitane Ki Sudadi iki nyritakake ngenani para korban kang wis diapusi dening ki Yazid. Ki Yazid minangka guru spiritual kang dipercaya dening para warga kang kepengin antuk modhal digawe usaha. Salah sijine yaiku Sari, para korban diapusi karo pusaka kang aran *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*. Pusaka iki yen digawe tuku kebutuhan saben dinan ana ing super market gedhe bakale balik, nanging kabeh kuwi kudu ana syarate yaiku kudu bisa pasa mutih saksuwene 40 dina, lan ora nglanggar syirikane. Akeh korban kang ora bisa tutuk anggone nglaksanake syarat lan akeh korban kang ngglanggar syirikan ndadekake gagal anggone buktekake kasektene dhuwit pusaka mau.

Sawijine teori kang bisa nyandhingake teks sastra kang gegayutan karo panguripan masyarakat lan kapitayan yaiku antropologi sastra. Antropologi yaiku ilmu kang ngrembug babagan makhluk *anthropos* utawa manungsa minangka sawijining integrasi saka maneka ilmu sing nyinaoni babagan prekara-prekara sing mligine ngenani manungsa. Dene kapitayan yaiku ngrembug bab ngenani mitos, mistis, legendha, lan tradhisi kang isih diugemi dening bebrayan. Adhedhasar andharan kang wis dijlentrehake, mula irah-irahan saka panliten kang arep diteliti yaiku *Kapitayan sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar anggitane Ki Sudadi: Tintingan Antropologi Sastra*.

1.2 Underane Panliten

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, underane panliten yaiku:

- (1) Kepriye wujud kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*?
- (2) Kepriye tangkepe masyarakat tumrap kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*?
- (3) Apa wae kang nglandhesi tuwuhe kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*?

1.3 Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur bisa dijlentrehake ancasa panliten kaya ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake wujud kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*.
- (2) Ngandharake tangkepe masyarakat tumrap kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*.

- (3) Ngandharake kang nglandhesi tuwuhe kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*.

1.4 Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni paedah kaya ing ngisor iki:

- (1) Kanggo ngrembakakake konsep utawa teori ing bab sastra, mligine tintingan Antropologi Sastra.
- (2) Kanggo nambah kawruh sing wis disinaoni mligine ngenani babagan kapitayan.
- (3) Bisa dadi piwulange masyarakat lumantar tumindake paraga sajrone crita.
- (4) Bisa menehi informasi kanggo para pamaca yen kapengin nerusake utawa nliti ngenani karya sastra crita sejarah mligine teori Antropologi Sastra.

1.5 Wewatesane Panliten

Anane watesan panliten iki diajab anggone nliti ing tembe mburi ora bakal nggrambyang, mbleber teka ngendi-endi, lan bisa dititik kanthi cetha.

- (1) Kapitayan

Kapitayan minangka paham kang asipat dagmatis (manut) kang kabentuk sajrone adat istiadat panguripan saben dina saka maneka warna suku bangsa kang percaya marang apa kang dipercaya dening leluhur (Endraswara, 2003:38).

- (2) Antropologi

Antropologi sastra kalebu ing sajrone pamarkan arkitepal, yaiku kajian reriptan sastra kang nengenake marang kapitayan Jawa jaman biyen (Endraswara, 2008:109).

- (3) Mitos

Carita suci kanthi wujud simbolik sing nyritakake reroncen prastawa nyata lan imajiner babagan asal-usul lan owah-owahane alam donya, dewa dewi, kakuwatan-kakuwatan kodrati, manungsa, pahlawan lan masyarakat (Endraswara, 2003:193).

- (4) Mistis

Mistis iku sipating mistik, mistik yaiku bab-bab sing gegayutan karo gaib (KIJ edisi kapisan, 1991: 205)

- (5) Dhukun

Dhukun iku wong kang ahli paring tetulung. Kayadene dhukun pijet, dhukun bayi, dhukun santhet, dhukun paes lan liya-liyane.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.2 Antropologi

Miturut etimologis tembung antropologi asale saka tembung *antrophos* tegese manungsa, lan *logos* tegese ilmu. Dadi antropologi yaiku kawruh sing nyinaoni babagan manungsa lan kabudayan (Ratna, 2011:58). Definisi sing paling umum lan jembar iki gathuk karo panemune Tylor sajrone buku *Pimitive Culture* (1873), kabudayan yaiku kawruh ngenani ilmu, kapitayan, kesenian, tata susila, hukum, adat istiadat, lan liyane sing klebu kauripan manungsa. Saengga diwatesi yen

Kapitayan Sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar
Anggitane Ki Sudadi
(Tintingan Antropologi Sastra)

antropologi kuwi dibedakake dadi antropologi fisik lan antropologi budaya. Minangka monodisiplin ilmu antropologi mbutuhake ilmu liyane minangka ilmu bantu, kayata: sosiologi, sejarah, geografi, psikologi, ekonomi, politik, lan hukum, kalebu sastra.

Ratna (2011:51) ngandharake yen meh kabeh bidhang ilmu nduweni wilayah panliten sing dibedakake dadi loro, yaiku objek lan teori kanthi maneka alat analisis. Nanging, saka objeke antropologi bisa diarani yen nduweni sipat luwih jembar lan sing luwih jembar ngrembug ngenani manungsa lan kabudayan. Kabudayan tegese sakabehe aktivitas manungsa.

2.3 Antropologi Sastra

Ratna (2011:7) ngandharake yen tembung antropologi sastra dumadi saka rong tembung yaiku antropologi lan sastra. Antropologi sastra yaiku analisis ngenani karya sastra sing ngandhut unsur-unsur antropologi. Karya sastra lan kabudayan kuwi ana sesambungane, yaiku karya sastra minangka perangane kabudayan, sing njlentrehake bab kauripan kanthi cara sing *kreatif imajinatif*. ngandharake yen laras karo hakekat sastra, yaiku sastra minangka asile *aktivitas kultural*, sing awujud barang kasar, minangka naskah (*artifact*), utawa interaksi sosial (*socifact*) lan *kontemplasi diri (mentifact)* antropologi sastra mung winates ing antropologi budaya.

Koentjaraningrat sajrone Ratna (2011:74) ngandharake ngenani pitung ciri-ciri kabudayan sing bisa dinggo ngarani ciri-ciri antropologis, yaiku: a) piranti bebrayan, b) *mata pencaharian* lan sistem ekonomi, c) sistem kemasyarakatan, d) basa lisan utawa tulisan, e) kesenian kayata seni lukis, seni rupa, seni tari, seni drama, lan sapanunggalane, f) sistem pengetahuan, lan g) sistem religi. Ngaben, nyepi, potong gigi, potong rambut, swara kenthongan, swara cecak lan tekek, ngipi lan sapanunggalane bisa diarani minangka pituduh lan nduweni ciri-ciri antropologis.

Andharan ing ndhuwur, cetha yen antropologi sastra kalebu antropologi nonfisik. Kanthi karya-karya sing diasilake dening manungsa kayata basa, religi, mitos, ukum, adat istiadat lan karya seni mligine karya sastra. Karya sastra sing nggunakake data tinulis (*data tertulis*), tansaya gampang anggone nyebarake lan nguri-uri. Amarga saiki saya cures lan masyarakat luwih seneng maca utawa dolanan *Handphone* utawa HP.

2.4 Kapitayane Wong Jawa

Masyarakat Jawa isih ngugemi kapitayan-kapitayan Jawa. Kapitayan iku nduweni daya pangaribawa tumrap panguripane wong Jawa. Gugon tuhon salah siji conto kapitayan Jawa sing isih diugemi dening masyarakat. Hardjowirogo (1980:117) ngandharake yen salah sawijine daya pikir kanthi alon nanging pesthi ngowahi masyarakat Jawa sing tradhisional dadi masyarakat Jawa kang modern. Kanthi

ndheleng gugon tuhon ora pati nduwe daya lan kuwasa kaya sadurunge, nanging minangka salah sijine daya kang sathitik-thitik isih dipercaya dening masyarakat amarga pikir lan nalare wis ora bisa menehi jawaban saka salah sawijine perkara masyarakat, saengga ndadekake gugon tuhon minangka cekelan. Andharan kasebut nuduhake yen masyarakat Jawa wiwit tradhisional nganti modern isih ngugemi lan percaya marang anane gugon tuhon.

Saka andharan kasebut, kapitayan masyarakat Jawa isih ana gegayutan karo adat istiadat sing isih ngrembaka lan diugemi masyarakat Jawa. Kapitayan-kapitayan iku yen diterak bakal nampa wewaler. Kapitayan sing diugemi masyarakat Jawa, kaya mitos, mistis, lan dhukun.

2.4.1 Mitos

Mitos sing arupa sirikan. Mitos Jawa isih asosiatif, nanging kang baku ing aspek ora ilok yen dilakoni. Yen wong Jawa nerak bab-bab kang dadi sirikan, wedi yen bakal oleh piwales sing ala. Mligine sajrone upacara temanten, wong Jawa yen nanggap wayang ora wani njupuk lakon sing nganggo istilah gugur. Kayata Kumbakarna Gugur, Abimanyu Gugur, lan luwih-luwih sing gegayutan karo lakon Bharatayudha. Lakon-lakon sedhik kasebut disingkrihi supaya sing dadi nganten ora nemahi sedhik. Semono uga yen lagi nanggap campursari, wong Jawa uga ora gelem kanthi lagu-lagu kayata Randha Kempling. Tembung randha diyakini bisa nyebabake ngantene cepet pisah, saengga kudu disingkrihi nglagakake syair kasebut. Nalika upacara nganten, luwih becik nglakonake wayang kang nggunakake istilah; rabine utawa tumurune wahyu. Lakon kaya ngene iki diyakini luwih nyebabake kabecikan.

Wellek lan Werren (1995:243), uga ngandharake yen miturut sejarane, mitos gegayutan karo ritual. Mitos mujudake perangan saka ritual kang diucapake. Sajrone masyarakat, ritual dianakake kanggo nulak balak lan supaya antuk keslametan. Nanging sajroning teges kang luwih jembar, mitos tegese crita-crita *anonym* ngenani asal-muasal alam semesta lan nasib sarta tujuwan urip. Tumrap ilmu sastra, motif-motif mitos kang wigati iku crita utawa gambar kang diwujudake, unsure mitos kang asipat sosial utawa supranatural (irrasional), wewujudan simbolis saka bab-bab kang ideal sajrone kanyatan, kang asipat ramalan, lan unsur mistike.

2.4.2 Mistis

Mistik tansah digayutake karo sasmita gaib utawa misteri. Saliyane iku mistik uga gegayutan karo kapitayan marang roh, wangsit lan sasmita gaib. Maneka werna wujud mistik kang ngrembaka ing masyarakat Jawa, ing antarane yaiku ilmu gaib, papan wingit, pusaka, lan sapiturute.

2.4.3 Dhukun

Dhukun yaiku pawongan kang bisa ngobati, nulung wong kang lagi lara, menehi jampi-jampi (mantra, guna-guna, lsp) (KBBI 1996:279). Miturut Koentjaraningrat (1994:422) ngandharake yen dhukun nduweni arti sing amba. Ora mung wong kang ahli ing ilmu petungan wae kang nduweni sebutan iku, nanging

uga wong kang nindakake praktek pangobatan tradhisional, ilmu ghaib, lan ilmu sihir.

2.5 Cerbung

Cerbung kayadene cerkak lan novel kalorone kalebu crita fiksi. Karya fiksi yaiku crita fiksi kang nduweni paraga-paraga tartamtu, kang dipilih dening pangripta lan ditemtokake watake, nduweni latar crita, lan reroncane crita saka asil pamikirane pangripta saengga bisa dadi sawijine crita (Aminuddin, 2004:66). Crita fiksi kang arupa cerkak, cerbung, lan novel kasebut minangka *genre* sastra Jawa modern. Sastra Jawa modern yaiku sastra Jawa kang urip ing tengah-tengane masyarakat Jawa ing wektu saiki (Darni, 2015:3).

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Sajrone panliten iki, cerbung kanthi irah-irahan *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* anggitane Ki Sudadi bakal ditintangi kanthi tintingan antropologi sastra. Panliten iki dianalisis kanthi metodhe *deskriptif kualitatif* kanthi lelandhesan teori antropologi sastra. Panliten kang migunakake tintingan antropologi sastra iki nduweni telu underan panliten, sapisan, ngandharake wujud kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*, kaloro, ngandharake tangkepe masyarakat tumrap kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*, katelu, ngandharake apa wae kang ngandhesi tuwuhe kapitayan sajrone cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar*. Titikan panliten ditindakake tumrap dhata kanthi dijlimeti, dirasakake, lan dipikirake supaya teks karya sastra bisa dimangerteni. Tujuwan ancangan panliten kanggo nggampangake tumindake panliten, saengga laras karo pranata-pranata kang ana. Panliten kang bakal diandharake diperang dadi loro, yaiku: miturut jinis panliten, lan sipate panliten. Ancangan panliten bakal diandharake ing ngisor iki:

3.2 Sumber Dhata Panliten.

Sumber dhata panliten iki yaiku crita sambung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* anggitane Ki Sudadi. Cerbung iki kapacak ing majalah Djaka Lodang taun 2009 kanthi irah-irahan *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* anggitane Ki Sudadi. Cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* kasusun saka 14 episodhe lan diterbitake wiwit minggu katelu wulan oktober taun 2009 nganti minggu ketelu wulan januari taun 2010. Cerbung *Dhuwit Balik Dewi Lanjar* minangka sumber dhata *primer*. Dene sumber dhata *sekundere* yaiku artikel lan buku-buku literature sing digunakake kanggo lelandhesan analisis.

3.3 Dhata Panliten

Miturut Arikunto (2006:12) dhata bisa diarani bahan sing dionceki sajrone panliten. Panliten apa wae ora bisa uwal saka dhata. Jinise dhata sajrone panliten uga maneka warna. Panliten kualitatif iki nggunakake dhata-dhata sing ngandharake sesambungan antarane gejala-gejala sosial sing ora bisa dijlentrehake nganggo angka, nanging ora bisa ditegesi yen panliten kualitatif ora kena nggunakake angka babar pisan.

3.4 Instrumen Panliten

Instrumen ing panliten iki diperang dadi loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti minangka alat kanggo ngumpulake dhata, nyusun dhata, nintingi dhata lan nindakake langsung kanggo nyusun dhata asiling panliten tumrap objek panliten (Moeloeng, 2008:168). Instrumen panyengkuyung yaiku instrumen kang dibutuhake panliti kanggo dhata tambahan anggane ngumpulake dhata. Piranti panyengkuyung nggunakake lembar korpus dhata kang isine dhata-dhata pinilih kang ngandhut prakara kapitayan masyarakat marang dhuwit pusaka kang aran DBDL. Dhata pinilih kasebut minangka dhasar kanggo njlentrehake analisis lan andharan ngenani kapitayan marang dhuwit pusaka.

3.5 Tata Cara Panliten

Tata cara panliten kang digunakake sajrone panliten iki kanggo njlentrehake tata cara njupuk dhata panliten. Tata cara panliten diandharake kanthi tujuwan supaya panliti lan pamaca ngerti kanthi gamblang tata cara ngolehake dhata nganti asile dhata. Cara panliten kang pinilih ana loro, yaiku cara pangumpulan dhata, lan tata cara panjlentrehe dhata.

3.5.1 Tata Cara Ngumpulake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata mujudake sawenehe cara kanggo ngasilake dhata-dhata kang dibutuhake sajrone panliten. Ditindakake sawise nemtokake dhata-dhata, kang arep dianalisis. Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten nggunakake teknik kapustakan, waca, nyathet, lan wawancara. Bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

3.5.2 Tata Cara Panjlentrehane Dhata

Teknik analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake analisis Dheskriptif. Analisis dheskriptif yaiku sawijine methodhe kang digunakake kanthi dhasar kasunyatan sajrone kadadeyan (*fenomena*) lan urip saben dinan, saengga ngasilake dhata arupa tetembungan, Aminuddin (1990:62). Dhata primer kang digawe bakune panliten yaiku cerbung DBDL. Tata urutan kanggo nganalisis dhata sajrone panliten:

- (1) Waca makaping-kaping dhata primer lan sekunder kang arep digunakake sajrone panliten. Dhata primer arupa cerbung DBDL kanthi bola-bali saka perangan cerita wiwitan nganti pungkasan, supaya cetha lan nemokake perangan isi kang dibutuhake sajrone panliten. Dene dhata panyengkuyung nggunakake teori antropologi sastra lan referensi liyane yaiku saka internet.
- (2) Ngumpulake dhata lan nyathet saperangan pethikan kang dibutuhake sajrone panliten, kaya kang dadi underane panliten. Sambung karo bab-bab kang dumadi yaiku kapitayan marang mitos, mistis, lan dhukun sajrone cerbung DBDL.
- (3) Nganalisis kapitayan bab wujud kapitayan sajrone cerbung DBDL.
- (4) Nganalisis tangkepe masyarakat tumrap kapitayan sajrone DBDL.

Kapitayan Sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar
Anggitane Ki Sudadi
(Tintingan Antropologi Sastra)

- (5) Nganalisis kang nglandhesi tuwuhe kapitayan sajrone cerbung DBDL.
- (6) Ngumpulake dhata faktualitas ngenani kapitayan masyarakat marang mitos, mistis, lan dhukun.
- (7) Nemtokake subyek pengarang saperlu kanggo dadi narasumber.
- (8) Nyiapake dhaftar pitakonan ngenani cerbung DBDL dening pengarang.
- (9) Nindakake wawancara dening pengarang, saperlu kanggo ngasilake dhata kang luwih jangkep lan kanggo njangkepi dhata panyengkuyung.
- (10) Pamedhare asil relevansi sosial, saka dhata kang wis dikumpulake dadi andharan-andharan kanthi wujud tetembungan.
- (11) Ngandharake asile panliten kanthi cetha lan selaras karo underane panliten lan tujuwane panliten
- (12) Asile panliten disusun kanthi wujud *draft* skripsi
- (13) Pungkasan nggawe dudutan saka asile analisis dhata.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

4.1 Wujud Kapitayan sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar

Crita sambung Dhuwit Balik Dewi Lanjar minangka karya sastra sing nyritakake ngenani kapitayan sajrone masyarakat desa, mligine masyarakat Jawa kang isih akeh sing percaya bab kapitayan. Salah sawijine wujud kapitayan sing isih dipercaya dening masyarakat sajrone cerbung iki yaiku percaya marang anane mitos, mistis, lan dhukun. Mula ana ing ngisor iki bakal diandharake ngenani (1) wujud kapitayan tumrap mitos, (2) wujud kapitayan tumrap mistis, lan (3) wujud kapitayan tumrap dhukun sajrone CSDBDL.

4.1.1 Wujud Kapitayan Tumrap Mitos

Sajrone cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar ana kedadeyan sing aneh. Kedadeyan sing aneh yaiku saben paraga mesthi padha nglanggar pepali utawa sirikan sing disebutake dening Kyai Yazid. Sirikan sing dilanggar ing antarane ana paraga ora sengaja nggawa dhuwit pusaka kuwi ana ing njero WC, ora sengaja nggawa dhuwit pusaka kuwi ana ing panggonan wong kasripahan. Ana maneh paraga sing arep mbuktekake kasiate dhuwit pusaka nanging kadilalah dhuwite kuwi digawa bojone ana ing panggonan wong botohan lurah. Ana uga paraga sing ngongkon bojone supaya ditukokake jamu. Kadilalah bojone kuwi mau nukokake jamu sate jaran. Sate jaran kuwi kalebu haram amarga jaran sing dibeleh tilase digawe botohan. Banjur sing pungkasan paraga sing ora sengaja ngglanggar sirikan yaiku dheweke nyampurake kupon lotre karo dhuwit pusaka kuwi. Kabeh kedadeyan kuwi bisa dideleng ing jlentrehan ing ngisor iki.

4.1.1.1 Ora Kena Digawa Menyang WC

Piweling Kyai Yazid, dhuwit pusaka bakal ilang khasiyate yen nglanggar apa sing wis ditentokake. Beda maneh sing dialami dening Yu Hannah. Paraga nomer loro iki wis kasil anggone pasa mutih sasuwene patang puluh dina. Dheweke kepengin age-age mbuktekake kasiate dhuwit pusaka kang aran “Dhuwit Balik Dewi Lanjar” kasebut. Welinge Kyai Yazid, dhuwit pusaka kasebut bakale mbalik ana ing njero dhompot

sawise digawe blanja. Banjur Yu Hannah kepengin mbuktekake kasiate dhuwit pusaka kasebut menyang pasar. Dheweke njupuk dhuwit pusaka sing disimpen ana ing lemari terus dilebokake ana tas cilik. Kedadeyan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikane ngisor iki.

“Blaik! Dhuwit Balikke wis ndak gawa menyang njero WC. Wadhuh ketiwasan! Dhuwit iki wis genah ora bisa mbalik yen daknggo blanja. Luwak mangan tales! Awak yen lagi apes!” sambate Yu Hanah ijen. Sidane Yu Hanah cabar anggone kepengin duwe dhuwit pusaka kuwi.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dingerteni yen Yu Hanah wis nerak pantangan utawa nglanggar pepali. Yu Hannah lali yen dhuwit pusaka ora oleh digawa menyang WC. Dhawuhe Kyai Yazid, dhuwit pusaka bakal ilang khasiyate yen digawa menyang WC. Dhuwit kasebut wis ora bisa digunakake utawa ora bisa mbalik nalika diblajakake. Yu Hanah getun sabubare nglakoni kedadeyan kasebut, saengga dheweke gagal anggone kepengin nduweni dhuwit pusaka lan gagal mbuktekake khasiyate dhuwit pusaka kasebut.

4.1.1.2 Ora Kena Digawe Tuku Barang Haram

Beda meneh critane, paraga nomer telu yaiku Kang Tumijo uga bisa kasil pasa patang puluh dina. Dheweke rumangsa ayem atine amarga wis kasil nindakake laku sing abot yaiku pasa patang puluh dina. Nanging nalika nindakake laku sing abot, Kang Tumijo ngrasa lungrah lan uga ngrasa lemes. Dheweke nalika dicedhaki bojone ora bisa greng utawa loyo. Kang Tumijo ngrasa khawatir ngenani kahanan kasebut, dheweke ngira kedadeyan kasebut bisa uga bakal kebablasan. Yen kelakon kebablasan, dheweke ngrasa apa gunane dadi wong sugih yen wis ora rosa maneh. Kedadeyan kasebut kudu diantisipasi aja nganti getun ing tembe burine. Kang Tumijo banjur rerasan ngenani bab kuwi karo bojone. Bisa kabukteake pethikan ing ngisor iki.

“... Sate jamu kuwi daging apa?”

“Halah kok ethok-ethok ora ngerti. Sate jamu kuwi genah daging kambing balap ta Pakne. Ya sate iki sing bisa nambah grengseng panjenengan.”

“Dadi dhuwit sing dakwenehke marang kowe mau, mbok tukokne sate jamu?”

“Iya, Pakne. Ana apa?”

“Oalah Mbokmu! Mbokmu! Wong kuwi yen ora ngerti karepe wong lanang! Sate jamu kuwi haram Mbokmu!”

“Haram kok padha diedol lan nyatane laris? Kae tontonen ana pinggir-pinggir dalan akeh warung tendha dodolan sate jamu! ...”

Pethikan dhata ing ndhuwur nuduhake yen Kang Tumijo takon ngenani sate sing dituku Yu Gombloh nalika ana ing pasar. Yu Gombloh banjur mangsuli pitakone Kang Tumijo yen sing dituku kuwi sate jamu. Kang Tumijo durung ngerti tegese sate jamu, banjur Yu

Gombloh menahi teges apa sing dimaksud sate jamu kuwi. Sate jamu yaiku sate daging saka wedhus sing mari balapan utawa mari digawe botohan. Sawise ngerti tegese utawa maksudte sate jamu, Kang Tumijo kaget. Dheweke kaget amarga apa sing dipangan kuwi barang haram. Mangerteni kedadeyan kuwi Kang Tumijo ngrasa getun, amarga wis nglanggar pepali sing wis diomongne Kyai Yazid nalika sabubare nampa dhuwit pusaka kuwi. Yu Gombloh ya ngrasa getun amarga wis nglanggar syarat sing wis dadi patokan supaya bisa ngasilake rejeki saka dhuwit pusaka kasebut.

4.1.1.3 Ora Kena Digawa Menyang Panggonan Wong Kasripahan

Nalika dheweke arep mbuktekake khasiyate dhuwit pusaka, kedadak ana warta lelayu. Warta lelayu kasebut yaiku ngenani matine juragan mbakone Pak Dhe Poniman sing jenenge Mas Brewok. Mas Brewok wis dianggep dulur dhewe marang Pak Poniman amarga wis rakete nalika ana ing bebrayan utawa nalika ana ing pasar. Saka kedadeyan kasebut Pak Dhe Poniman langsung nglayat lan ndadekake gagal anggone mbuktekake khasiyate dhuwit pusaka kasebut. Dhuwit pusaka kasebut ilang khasiyate yen digawa ana ing panggonan wong karipahan utawa digawa nglayat. Kedadeyan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan ngisor iki.

“... Lagi arep blanja kedadak ana warta lelayu. Juragane mbako Pak Dhe Poniman sing jenenge Mas Brewok mati gara-gara tabrakan. Amarga saka raket anggone paseduluran karo bakul mbako kuwi, Pak Dhe Poniman ora sida blanja. Dheweke gita-gita kepengin layat ana papane Mas Brewok mau. Wektu kuwi Dhuwit Balik isih sumipen ana dhompote. Nalika kelingan, Pak Dhe Poniman gela setengah mati. . .

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Pak Dhe Poniman ngalami kedadeyan sing beda maneh kaya korban sadurunge. Pak Dhe Poniman uga wis kasil anggone pasa mutih sasuwene patang puluh dina. Ora beda karo kanca-kanca liyane dheweke nalika wis kasil pasa mutih bakale mbuktekake katiyasane dhuwit pusaka kasebut. Nalika dina candhake Pak Dhe Poniman budhal menyang pasar, dheweke wis gawa dhuwit pusaka kasebut ana ing njero dhompote. Banjur Pak Dhe Poniman blanja mbako ana ing pasar, kedadak ana warta lelayu yaiku kanca rakete Pak Dhe Poniman sing jenenge Mas Brewok mati. Nalika sabubare nglayat ana ing omahe Mas Brewok, Pak Dhe Poniman lagi kelingan ngenani pepali sing kudu ditindakake supaya ora nglanggar anggone mbudidaya dhuwit pusaka. Pak Dhe Poniman wis nglanggar aturan utawa pepali sing wis diomongake Kyai Yazid, dheweke getun amarga wis ora bisa mbuktekake katiyasane dhuwit pusaka “Dewi Lanjar”.

4.1.1.4 Ora Kena Digawa Menyang Panggonan Botohan Lurah

Ana alam bebrayan kedadeyan kasebut wis ora asing maneh, amarga saben ana pilihan lurah mesthi digawe botohan. Apa maneh yen nduwe kanca sing seneng botohan yen lagi ana pilihan lurah. Pilihan lurah malah bisa digawe ajang musiman. Banjur Yu Tumirah nakoni Kang Bejo ngenani dhuwit sing digawe botohan kuwi saka endi. Amarga Kang Bejo mung nduwe dhuwit pas-pasan. Kedadeyan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan ngisor iki.

“Wis ora nggenah. Aja-aja sampeyan njupuk dhuwit sing daksimpen ana lemari!” kandhane Yu Tumirah karo menyat saka papan lungguhe.

“Iya he Mbokne!”

“Adhuuuh mati tenan Pakne! Kuwi dudu dhuwit sembarangan Pakne. Kuwi ngono dhuwit pusaka. Kuwi jenenge Dhuwit Balik Dewi Lanjar. Lha kok malah mbok jupuk lan mbok enggo main totohan kuwi kepiye ta Pakne?! Kuwi ngono genah wis nerak pepaline dhuwit pusaka kuwi!” Kandhane Yu Tumirah karo nangis sesenggukan.

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Yu Tumirah lagi nakoni Kang Bejo ngenani dhuwit sing digawe botohan kuwi saka endi. Yu Tumirah ngrasa yen Kang Bejo ora nduweni ndhuwit akeh, amarga Kang Bejo lagi nduweni dhuwit pas-pasan sing digawe sabendinane. Yu Tumirah kaget, dheweke ora ngira yen dhuwit pusaka dijupuk Kang Bejo. Yu Tumirah banjur menahi keterangan marang Kang Bejo yen dhuwit sing digawe botohan kuwi ora sembarang dhuwit. Dhuwit sing digawe botohan dhuwit pusaka sing nduweni jeneng Dhuwit Balik Dewi Lanjar. Dhuwit kasebut bakal ilang katiyasane yen digawe ana ing botohan. Saka kedadeyan kasebut ora sengaja Kang Bejo wis nerak pepali sing bisa gawe katiyasane dhuwit pusaka ilang. Yu Tumirah nangis sesenggukan amarga saka kedadeyan kasebut.

4.1.1.5 Ora Kena Dicampur Karo Kupon Lotre

Kang Darto yaiku paraga nomer enem sing dadi kurban ora bisa mbuktekake katiyasane dhuwit pusaka kasebut. Kadilalah nalika dina kuwi warunge lagi rame, amarga akeh tamu sing pengin jajan ana warunge Kang Darto. Nalika bebarengan karo wong toko bakso ketekan Sarijan. Sarijan yaiku tukang adol nomer togel. Kadadeyan kasebut bisa kabuktekake ing pethikan ngisor iki.

“Kang darto terus ndudut dhompot lan njupuk dhuwit. Dhuwite puluhan ewon dipasrahake Sarijan. Kupon terus ditampa lan diblesekeke ana dhompot. Kang Darto lali marang welinge Kyai Yazid yen Dhuwit Balik Dewi Lanjar kuwi bakal ilang khasiyate lamun wis disipen karo kupon nomer buntut kaya sing digawa dening Kang Darto kuwi. Nalika kelingan wektune wis kliwat amarga sorene Kang Darto lagi kelingan. Ironing batin Kang Darto gela. Dhuwit patang

yuta kudu amblas mung iseng-iseng arep golek Dhuwit Balik. Ning kabeh wis kelakon. Rasa gelane Kang Darto gelem ora gelem ya kudu diampet.

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dibuktekake yen Kang Darto bubar melu udu nomer togel marang Sarijan. Banjur Kang Darto ndudut dhuwit saka dhompete digawe bayar kupon togel kasebut. Kang Darto lagi kelingan nalika wektu wis sore, dheweke ngrasa gela atine amarga wis nglanggar apa sing wis diwelingake Kyai Yazid marang dheweke. Saka kedadeyan kuwi Kang Darto kelangan dhuwit mahar sing cacah ora sethithik yaiku patang yuta. Kang Darto kudu bisa ngempet rasa gelane saka kedadeyan kasebut sing wis kelakon.

4.1.2 Wujud Kapitayan Tumrap Mistis

Mistik tansah digayutake karo sasmita gaib utawa misteri. Saliyane iku mistik uga gegayutan karo kapitayan marang roh, wangsit lan sasmita gaib. Maneka werna wujud mistik kang ngrembaka ing masyarakat Jawa, ing antarane yaiku ilmu gaib, papan wingit, pusaka, lan sapiturute. Sajrone CSDBDL iki ana babagan mistis sing dipercaya marang masyarakat. Babagan mistis kuwi awujud barang pusaka, Barang pusaka kasebut pancen dipercaya nduweni daya maneka wernane, kayata bisa gawe manungsa kuwi sugih, bisa gawe jodhone manungsa kuwi gampang, bisa gawe nolak balak, lan bisa gawe uripe manungsa kuwi saya tentrem. Nanging barang pusaka kasebut angel nalika digoleki utawa akeh sranane supaya bisa nduweni barang pusaka kasebut.

4.1.2.1 Dhuwit Pusaka

Dhuwit pusaka yaiku dhuwit kang nduweni daya linuwih tartamtu. Dhuwit pusaka iki nduweni jeneng yaiku Dhuwit Balik Dewi Lanjar. Dhuwit pusaka iki nduweni kekuwatan sing ora bisa dinalar, yaiku dhuwit pusaka iki nalika digawe tuku utawa digawe blanja bakal mbalik ana ing dhompete sing nduwe dhuwit pusaka kuwi. Nanging dhuwit pusaka kang aran Dhuwit Balik Dewi Lanjar iki nduweni laku, srana, lan pantangan.

“Bab pepali utawa pantangan kudu dieling-eling temenan. Dhuwit iki ora kena digawa menyang panggonan wong kesripahan, ana WC lan papan pekiwan, utawa panggonane wong main ngabotohan utawa disimpen ing dhompet campur kupon lotre sebangsane. Sateruse, sajrone kepanggonan dhuwit iki panjenengan kabeh ora kena laku goroh, apus-apus, ngumbar janji sebangsane. Dhuwit Balik Dewi Lanjar iki mung gelem melu wong-wong sing suci lair batin. Mula kudu ngati-ati. Sing pungkasan, dhuwit iki uga ora kena kanggo tuku barang-barang haram lan reged.”

Kang diarani laku yaiku sing kepengin bisa mbuktekake kasiate dhuwit pusaka kasebut kudu pasa mutih sasuwene patang puluh dina, uga ora kena dilanggar. Dene nganti dilanggar wong kasebut ora bisa mbuktekake kasiate dhuwit pusaka kasebut. Sabanjure

srana, yaiku dhuwit pusaka kasebut kudu diblanjakake ana ing supermarket utawa mall, aja nganti diblanjakake ana ing bakul cilik utawa toko cilik. Dene pepali yaiku pantangan sing kudu dieling-eling supaya bisa mbuktekake dhuwit pusaka kasebut. Pantangane yaiku dhuwit pusaka ora oleh digawa menyang panggonan wong kasripahan, ora kena digawa menyang papan pakiwan utawa WC, ora kena digawa menyang panggonan wong botohan, lan ora kena dicampur karo kupon lotre ing dhompet.

4.1.2.2 Minyak Konibalsawa

Minyak konibalsawa yaiku minyak ajaib sing digawe kanggo mbuktekake kasiate dhuwit pusaka. Minyak konibalsawa iki digawe sawise dhuwit pusaka ora mbalik ana dhompete sing duwe dhuwit pusaka kasebut. Minyak ajaib iki sing duwe mung Kyai Yazid. Sajrone crita sambung Dhuwit Balik Dewi Lanjar ana paraga sing wis kasil anggone pasa mutih lan ora nglanggar pepali yaiku Pak Yusuf. Nalika mbuktekake kasiate dhuwit pusaka kasebut dheweke blanja menyang supermarket gedhe, nanging dienteni nganti seminggu dhuwit pusaka ora mbalik ana dhompete Pak Yusuf. Banjur Pak Yusuf menyang omahe Kyai Yazid. Ing kunu Pak Yusuf diwenehi Minyak ajaib, dheweke dikongkon supaya nyebar ing supermarket sing digawe blanja Pak Yusuf. Kedadeyan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan ngisor iki.

“Napa malih Kyai?”

“Naminipun Minyak Konibalsawa. Lisah sing enten jero botol niki panjenengan beкта mubeng supermarket lajeng panjenengan sebar lisahipun wonten sakupenge supermarket sing ajeng diengge blanja. Ning syarate setunggal, botol wadhah niki boten kencing pecah. Yen ngantos pecah nggih mesthi kemawon batal. Pecahe botol pratandha kangge rebatan jin sing nunggu papan mriku. Pramila kedah ngatos-atos sanget Pak Guru.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni Pak Yusuf nakoni Kyai Yazid babagan syarat sabanjure kuwi apa. Banjur Kyai Yazid njelasake yen syarat sabanjure yaiku minyak konibalsawa. Minyak konibalsawa kuwi diwadahi ana ing njero botol. Kyai Yazid ngongkon Pak Yusuf supaya nyebar minyak kasebut ana ing supermarket sing digawe blanja Pak Yusuf kuwi. Nanging nalika nyebarake minyak kasebut ora oleh pecah. Yen nganti pecah pratandha minyak kasebut digawe rebatan jin sing manggon ana papan kunu. Pratandha liyane yaiku gagal anggone mbuktekake mbalike dhuwit pusaka kasebut. Mulane nalika nggawa minyak konibalsawa kuwi kudu ngati-ati supaya bisa kasil anggone mbuktekake kasiate dhuwit pusaka kasebut. Banjur Pak Guru arep nggawa minyak kasebut, nanging Kyai Yazid ngomong yen minyak ajaib kasebut ana mahare.

4.1.2.3 Silit Abang utawa Popok Wewe

Silit abang yaiku barang sing awujud popoke wewe kang dienggo ritual. Wewe yaiku makhluk sing wujud barang alus. Sapa wonge sing bisa njupuk popoke wewe bakal kanugrahan kasekten yaiku bisa ngilang ora bisa dideleng marang manungsa lumrahe. Sajrone CSDBDL ana barang pusaka sing nduweni jeneng silit abang utawa popoke wewe. Barang pusaka iki dipercaya bisa nggawe manungsa sugih. Kabeh kuwi miturut Kyai Yazid sing dipercaya dadi guru spirituale Kang Darto lan Pak Yusuf. Paraga sakloron kuwi sing dadi korbane Kyai Yazid. Kang Darto lan Pak Yusuf kepengin dhuwit mahare bisa bali meneh. Mula Kyai Yazid paring panemu yen kepengin dhuwit mahar balik kudu bisa nindakake ritual silit abang utawa popok wewe. Nalika kuwi Kang Darto takon marang Kyai Yazid ngenani ritual apa sing bisa ditindakake sakliyan supaya dhuwit mahar bisa mbalik sakliyan ritual minyak Konibalsawa lan ritual ngamen. Banjur Kyai Yazid paring panemu yen ana saperangan ritual sing bisa ditindakake supaya dhuwit mahar bisa mbalik. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Sing sepisan, Ritual Silit Abang kuwi padha wae nggunakake popok wewe kanggo ngilang. Media sing dibutuhake candu. Yen kasil entuk popok wewe, kabeh urusan beres. Amarga apa? Amarga wong sing duwe popok wewe, mlebu omahe wong sugih, mlebu supermarket utawa mlebu bank ora ana sing nyumuripi. Kari njupuk dhuwit saakeh-akehe lan sakarepe bakal kelakon.” Andharane Kyai Yazid.

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Kyai Yazid nerangake utawa njelasake maneka ritual siji mbaka siji marang Kang Darto lan Pak Guru Yusuf. Kyai Yazid nerangake ritual silit abang utawa popok wewe yaiku barang pusaka sing dipercaya nduweni kasekten tartamtu. Kasektene yaiku yen bisa duweni popok wewe iki bakal bisa ngilang, ora bisa dideleng dening manungsa lumrahe. Medhiane supaya bisa antuk barang pusaka iki yaiku candu. Candu yaiku kenthelani tembako sing biyasane diserake nalika ngrok. Yen wis kasil nindakake ritual silit abang utawa popok wewe iki kabeh urusan bakal beres. Maksud saka urusan bakal beres yaiku wong sing nduweni barang pusaka popok wewe iki bisa ngilang. Nalika bisa ngilang wong kasebut bisa mlebu omahe wong sugih, bisa mlebu ana supermarket, bisa mlebu ana bank tanpa di mangerteni wong lumrahe. Banjur wong sing nganggo popok wewe bisa njupuk apa sing dikarepake. Banjur Pak Yusuf mangsuli katerangan sing diandharake dening Kyai Yazid. Dheweke rada kangelan yen nglakoni ritual popok wewe utawa ritual silit abang.

4.1.2.4 Dhuwit Mirah

Dhuwit mirah yaiku dhuwit kuna jaman biyen sing dienggo ritual. Pawongan sing kepengin ritual dhuwit mirah kudu nduweni dhuwit kertas atusan ewon jaman biyen utawa dhuwit kuna. Kanthi ritual dhuwit mirah, dhuwit kuna kuwi bakal dadi dhuwit atusan ewon

jaman saiki. Sakliyan kuwi sarana liyan supaya bisa ngadani ritual dhuwit mirah pawongan kasebut kudu nduweni kain kafane wong mati sing isih prawan kanthi cara dicolong. Sakliyan kuwi diwenahi sesaji lan minyak bul-bul. Ritual dhuwit mirah kuwi luwih gampang saka ritual liya-liyan. Ritual dhuwit mirah tanpa resiko sing abot.

“Lha yen Dhuwit Mirah niku ritualipun kados pundi, Kyai?” pitakone Kang Darto maneh

“Ya saiki dakterangake ritual liyan. Ritual Dhuwit Mirah kuwi luwih gampang tinimbang liyan. Karo maneh ritual iki tanpa resiko abot. Yen panjenengan duwe dhuwit kertas kuna atusan rupiah bisa melu ritual dhuwit mirah. Kanthi ritual sing dakadani dhuwit mirah sing kuna iku bisa malih dadi dhuwit atusan ewon jaman saiki. Ritual nggunakake kafane prawan sing njupuke kudu nyolong ing tengah wengi, diwenahi candu, sesaji, lan minyak bul-bul,” andharane Ki Yazid.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Kang Darto takon marang Kyai Yazid ngenani ritual dhuwit mirah kuwi kaya ngapa. Banjur Kyai Yazid nerangake apa sing diarani dhuwit mirah kuwi. Dheweke paring dawuh yen ritual dhuwit mirah kuwi luwih gampang tinimbang ritual liyan. Apa maneh ritual dhuwit mirah iki tanpa resiko sing abot. Ritual iki bisa ditindakake yen duweni dhuwit kertas kuna atusan repes jaman biyen. Ritual dhuwit mirah iki bisa ndadekake dhuwit kertas atusan repes jaman biyen dadi dhuwit atusan ewon jaman saiki. Banjur Kyai Yazid paring dawuh ritual iki nggunakake kain kafane wong mati sing isih prawan. Kain kafane wong mati sing isih prawan kuwi kudu dicolong tengah wengi. Sarana liyan nalika nyolong kain kafan yaiku kudu gawe candu, sesaji lan minyak bul-bul. Mangerteni katrangan Kyai Yazid ngenani ritual dhuwit mirah Pak Yusuf ora ketarik ritual kuwi. Dheweke paring panemu yen ritual dhuwit mirah sing kudu nduweni dhuwit kertas kuno kuwi angel golekan.

4.1.2.5 Irus Randha Telu

Irus randha telu yaiku barang pusaka sing diduweni randha cacah ana telu sajroné omah. Barang pusaka iki duweni guna kanggo piranti sangu main. Irus randha telu duweni khasiat yen digawa main kertu, main rol-lette, dhadhu, undar, lan sapanunggalé bakale menang. Sadurunge digawa main kudu didongani dening Kyai Yazid. Supaya nduweni barang pusaka irus randha telu kuwi ana carane yaiku kudu dicolong. Ritual iki uga gampang-gampang angel. Kabeh kuwi katrangan saka Kyai Yazid. Dheweke nerangake marang Kang Darto lan Pak Guru Yusuf. Sawise Kyai Yazid nerangake, Kang Darto radok ketarik ritual irus randha telu amarga dheweke seneng karo sing jenenge main kertu. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Nggih yen mboten ketarik taksih wonten Ritual Irus Randha Telu. Niki nggih gampang-gampang

angel. Dene Ritual Irus Randha Telu niku ginanipun kangge piranti sangu main kertu utawa rol-lette, dhadhu, undar, lan permainan sanes-sanesipun. Sinten sing kepanggonan Irus Randha Telu, yen main kertu mesthi menang.”
“Mangke rumiyen, irus randha telu niku maksude napa?” pitakonane Kang Darto domblong.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Kyai Yazid nerangake ritual sabanjure sawise dhuwit mirah yaiku irus randha telu. Ritual irus randha telu iki diterangake amarga Kang Darto lan Pak Yusuf ora ketarik karo ritual ngamen, ritual popok wewe, lan dhuwit mirah. Miturut Kyai Yazid ritual irus randha telu iki uga gampang-gampang angel. Ritual irus randha telu nduweni tujuan kanggo piranti sangu main kertu utawa dhadhu. Sapa wonge sing kapanggonan irus randha telu bakale menang sajrone main kertu utawa dhadhu. Banjur Kang Darto takon marang Kyai Yazid babagan apa sing dimaksud irus randha telu kuwi. Sabanjure Kyai Yazid nerangake luwih jelas maneh ngenani ritual irus randha telu.

4.1.2.6 Kaca Paesan

Wujud barang pusaka sabanjure yaiku kaca paesan. Kaca paesan yaiku barang pusaka sing panggonane ana ing kuburan kuno. Wujud kaca paesan iki meh memper karo kaca pangilon sing biyasane digawe manungsa sabendinan. Nanging kaca paesan iki digawe saka marmer. Kaca paesan iki duweni kasiat, yaiku yen digawa ana panggonan wong judhi bisa ndadekake bandar judhi kasebut bisa bangkrut. Dhuwite bakal mara ing wong sing gawa kaca paesan mau. Kasiat liyane yaiku kaca paesan iki bisa disilihake marang wong liya. Kasiat sabanjure yaiku bisa ndeteksi pilihan lurah. Bisa ndeteksi lurah sing bakale kalah lan lurah sing bakale menang. Carane supaya bisa nduweni barang pusaka iki kudu njupuk wayah tengah wengi lan ana ritual liyane. Yen bisa kasil jupuk barang pusaka iki bakal dadi pusaka sing ngedap-edapi.

“Sing pungkasan niki mbok menawi cocok kangge Pak Guru Yusuf. Panjenengan saged pados kaca paesan. Kaca paesan niki wujud kados kaca pangilon saking marmer. Kaca ajaib niku saged dibekta wonten panggenan judhi kangge ndamel bandar judhi bangkrut lan mawut. Arta modhale badhe mlebet wonten kanthonge tiyang sing mbekta kaca paesan wau. Sing langkung nggumunaken, kaca paesan niku saged disilihaken tiyang sanes. Kaca paesan ugi saged ndeteksi pilihan lurah. Pundi sing ajeng menang lan pundi sing kalah. Nyekel pusaka niki genah migunani sanget.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni Pak Yusuf takon marang Kyai Yazid. Sawise Kang Darto oleh dalan, Pak Yusuf nakokake nasibe kudu kepriye maneh. Dheweke bisa oleh dalan kaya Kang Darto apa ora. Banjur Kyai Yazid nerangake yen ana dalan kanggo

Pak Yusuf. Dalan iki sing pungkasan sawise Kyai Yazid nerangake maneka werna ritual. Kyai Yazid nerangake ngenani ritual kaca paesan. Kaca paesan kuwi barang pusaka sing wujud kaya kaca pangilon sing biyasane digawe manungsa lumrahe. Kaca paesan iki digawe saka marmer. Kaca paesan iki nduweni kasiat bisa digawa menyang papan panggonan wong judhi. Kasiat supaya bandar judhi kuwi bangkrut lan mawut amarga dhuwite bakal mlebu ing kanthonge wong sing gawa kaca paesan mau. Sakliyane kuwi kaca paesan iki uga bisa disilihake marang wong liyane utawa kancane sing duwe kaca paesan. Kasiat liyane yaiku kaca paesan iki bisa digawe ndeteksi nalika pilihan lurah. Bisa mangerteni calon lurah sing kalah lan calon lurah sing bakale menang. Kyai Yazid uga nambahi omongane yen bisa duweni barang pusaka iki bakal migunani banget. Nalika Kyai Yazid sawise nerangake, Pak Yusuf takon maneh. Dheweke takon ngenani papan panggonan kaca paesan kuwi ana ndek endi. Kyai Yazid nerangake maneh. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

4.1.2.7 Pasa Mutih Patang Puluh Dina

Sajrone CSDBDL nyritakake para warga bakul kang lagi kentekan modhal gawe dodolan ana ing pasar. Ana paraga sing jenenge Sari menehi solusi marang para bakul yen dheweke bisa nulungi supaya antuk modhal. Carane yaiku sowan ana ing daleme guru spiritual. Ing kana para bakul mau ngomong yen kepengin antuk modhal, banjur dijelasake cara carane supaya bisa antuk modhal. Sajrone crita dijlentrehake syarate yaiku kudu tuku dhuwit pusaka kang aran “Dhuwit Balik Dewi Lanjar”, siji dhuwit salemba regane rong yuta. Sabanjure ana kewajiban sing kudu ditindakake. Kewajiban kuwi yaiku kudu nindakake laku pasa mutih sasuwene patang puluh dina. Katerangan kasebut dijlentrehake nalika para warga bakul sowan ana ing daleme Kyai Yazid. Para warga bakul sing duweni tujuan supaya antuk modhal kanggo usahane sing ana ing pasar ora kentekan modhal. Banjur Kyai Yazid menehi katerangan marang para warga bakul yen laku utawa kuwajiban supaya bisa mbutekake kasiat dhuwit pusaka kuwi yaiku kudu pasa mutih sasuwene patang puluh dina. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ing ngisor iki.

“... Sateruse bab laku. Supaya dhuwit sing dakpasrahake iki bisa dadi dhuwit Balik Dewi Lanjar, lakune kudu mutih sajrone patang puluh dina.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni nalika para warga bakul sowan ana daleme Kyai Yazid. Para warga bakul sing duweni tujuan supaya antuk modhal kanggo usahane sing ana ing pasar ora kentekan modhal. Banjur Kyai Yazid menehi katrangan yen dhuwit pusaka kuwi nduweni mahar. Salemba dhuwit pusaka cacahé satus ewu kuwi mahare rong yuta rupiah. Kyai Yazid uga njlentrehake yen dhuwit pusaka kuwi bisa digawe sedina ping sepuluh. Yen sedina wae kena digawe ping sepuluh kuwi padha karo dhuwit mahare bisa balik mung butuhake wektu sedina. Sateruse Kyai Yazid

ngrembug babagan laku utawa kewajiban. Kewajiban sing kudu ditindakake supaya dhuwit pusaka bisa mbalik yaiku kudu nindakake laku pasa mutih sasuwene patang puluh dina. Kyai Yazid uga bakal nambahi dunga kanggo diwaca saben esuk lan sore. Kyai Yazid uga ngomong yen dhuwit pusaka kuwi ana srana lan pepaline. Srana lan pepaline yaiku dhuwit pusaka kuwi kudu ditukokake ana ing toko gedhe. Kayata toserba, mall, lan sabangsane. Nalika blanjakake yen bisa aja ngati ngrugekake bakul cilik, yen bisa dhuwite dicampur karo dhuwit lumrah liyane.

4.1.3 Wujud Kapitayan tumrap Dhukun

Dhukun yaiku pawongan kang bisa ngobati, nulung wong kang lagi lara, menehi jampi-jampi (mantra, guna-guna, lsp) (KBBI 1996:279). Miturut Koentjaraningrat (1994:422) ngandharake yen dhukun nduweni arti sing amba. Ora mung wong kang ahli ing ilmu petungan wae kang nduweni sebutan iku, nanging uga wong kang nindakake praktek pangobatan tradhisional, ilmu ghaib, lan ilmu sihir.

4.1.3.1 Tokoh Spiritual

Manungsa kuwi pancen makhluk sing gampang percaya marang kedadeyan gaib utawa mistik lan mistis. Nalika lagi ruwete pikir kadhang kala manungsa bingung anggone mikir. Manungsa kuwi butuh wong sing bisa dipercaya supaya uripe ora ruwet. Ora liya pawongan kasebut bisa diarani guru spiritual utawa tokoh spiritual.

“Angagem busana kang sarwa prasaja, Kyai Yazid enggal nampa tamune. Pasuryane Sang Yogi katon padhang awit asring ndedonga lan muji dzikir nganti sewengi-wengi animbuhi kawibawane. Minyak wangi ambune khas nyogrok irung dadi idhentitas paguron sing nate kanggo sinau Ki Yazid.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni nalika Sari sowan daleme, dheweke dipapak dening Kyai Yazid. Kyai Yazid sing nganggo busana sing prasaja nuduhake yen kuwi dadi ciri khas busana sing digawe para guru spiritual. Ciri khas liyane yaiku bisa dideleng saka pasuryane. Biyasane guru spiritual kuwi pasuryane padhang amarga dipercaya anggone ndedonga lan dzikir wis dadi pakulinane sabendinane. Ciri khas sabanjure yaiku guru spiritual kuwi biyasane nganggo wangi-wanginan kayata minyak wangi sing biyasane nyograk irung. Kabeh kuwi dadi idhentitase para guru spiritual sing ana ing bebrayan iki. Banjur Sari miwiti omongan. Dheweke crita perkara sing wis dialami sabendinane kuwi.

4.1.3.2 Sulapan

Manungsa kuwi makhluk sing gampang diapusi. Kayadene ing crita iki ana kedadeyan tipu daya kanthi cara sulapan. Sajrone CSDBDL iki ngandhut unsur *magic* sing dicritakake kanthi gamblang. Saengga bisa dimangerteni kanthi luwih cetha kepriye alur ceritane. Magic ing kene nyritakake ana paraga sing percaya

marang sulapan. Paraga kuwi yaiku Kang Darto lan Pak Guru Yusuf.

“Pak Guru nate mucal Pramuka?” pandangune Kyai Yazid marang Pak Yusuf.

“Inggih asring Kyai. Rumiya nate dados Kakak Pembina. Kula malah nate dados ka Gudep wonten sekolahan kula kalih taun.”

“Hla niki kula ajeng damel dolanan. Yen sae saged kangge dolanan wonten kegiatan Pramuka njenengan.”

“Dolanan napa Kyai?”

“niki rak awu rokok udude kula. Niki empun kula wadhahi kertas putih. Lha niki ajeng kula plintir-plintir ngangge tangan kula. Cobi ditingali dados napa?”

Pethikan dhata ing ndhuwur ing dhuwur bisa dimangerteni sawise Kang Darto Lan Pak Guru Yusuf antuk mlebu ana ing njero omahe Kyai Yazid. Kyai Yazid banjur menehi pitakonan marang Pak Guru Yusuf. Pitakonane yaiku nalika dadi guru, Pak Guru Yusuf nate mulang Kagiyanat pramuka apa ora? Banjur Pak Guru Yusuf mangsuli pitakonane Kyai Yazid. Pak Guru Yusuf ngomong yen dheweke sering mulang Pramuka. Apa maneh Pak Guru Yusuf nate dadi kakak Pembina. Sakliyan kuwi Pak Guru Yusuf uga nate dadi kapala Gudep ana ing sekolahan suwene nganti rong taun. Banjur Kyai Yazid pamer kasekten. Kasektene yaiku kaya dolanan sing bisa ndadekake wong liya bakal nggumun. Ora lali dheweke uga ngomong yen dolanane kuwi mengko yen apik, bisa ditiru digawe ana kagiyanat pramuka ana ing sekolahan Pak Guru Yusuf. Pak Guru Yusuf penasaran. Pak Guru Yusuf takon marang Kyai Yazid, dolanan apa sing bakal ditindakake kuwi. Banjur Kyai Yazid ndangu para tamu sakloron kuwi. Kyai Yazid nyekel awu rokok terus diwadahi kertas putih banjur diplintir-plintir nganggo tangane. Kyai Yazid takon marang Kang Darto lan Pak Guru Yusuf. Awu sing diwadahi kertas lan sing diplintir-plintir kuwi dadi apa? Kang Darto lan Pak Guru Yusuf sakala kaget lan gumun. Kaget lan gumune amarga mangerteni kedadeyan sing ora nyana bisa nalar. Awu sing diwadahi kertas lan sing diplintir-plintir kuwi dadi dhuwit.

4.2 Tangkepe Masyarakat tumrap Kapitayan sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar.

Anane kapitayan tumrap mitos, mistis, lan dhukun iki wis ana wiwit jamane leluhur. Nanging nganti saiki masyarakat Jawa *modern* isih ana sing percaya tumrap kapitayan mitos, mistis, lan dhukun. Kanggo ndhudhah kepriye tangkepe masyarakat tumrap kapitayan sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar, mula panliti bakal njlentrehake ana ing ngisor iki.

4.2.1 Nyengkuyung Tumrap Kapitayan Mitos

Manungsa kuwi pancen makhluk sing gampang percaya marang kedadeyan mitos. Kaya dene masyarakat ing crita sambung iki sing gampang percaya marang babagan mitos. Kapitayan tumrap mitos sing ana ing Crita Sambung Dhuwit Balik Dewi Lanjar iki maneka

Kapitayan Sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar
Anggitane Ki Sudadi
(Tintingan Antropologi Sastra)

wernane. Mitos kasebut ana dhasare, yaiku saka dhuwit pusaka kang aran dhuwit balik dewi lanjar kang duweni maneka werna sirikan. Sirikan kang disebutake yaiku dhuwit pusaka ora kena digawa menyang papan pakiwan utawa WC. Dhuwit pusaka ora kena digawe tuku barang haram. Dhuwit pusaka ora kena digawa menyang panggonan wong kasripahan. Dhuwit pusaka ora kena digawe botohan lurah. Uga dhuwit pusaka ora kena dicampur karo kupon lotre. Nalika kuwi Kang Darto takon marang Kyai Yazid ngenani babagan sirikan. Banjur Kyai Yazid miterang ngenani sirikan ing ngarepe warga bakul utawa masyarakat. Masyarakat isih percaya marang mitos uga nyengkuyung anane mitos kasebut. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ing ngisor iki.

“Ya. Ya. Nganti lali anggonku menehi keterangan. Bab pepali utawa pantangan kudu dieling-eling temenan. Dhuwit iki ora kena digawa menyang panggonan wong kasripahan, ana WC lan papan pakiwan, utawa panggonane wong main ngabotohan utawa disimpen ing dhompet campur kupon lotre sebangsane. Sateruse, sajrone kepanggonan dhuwit iki panjenengan kabeh ora kena laku goroh apus-apus, ngumbar janji sebangsane. Dhuwit Balik Dewi Lanjar iki mung gelem melu wong-wong sing suci lair batin. Mula kudu ngati-ati. Sing pungkasan, dhuwit iki uga ora kena kanggo tuku barang-barang haram lan reged.”

“Nggih. Kados empun cetha Kyai. Niki kula masrahaken sekawan yuta. Dados kula nampi arta balik Dewi Lanjar kalih lembar mesthinipun,” ature Kang Darto.

“Mangga. Samampune wae. Yen ngersakake rong lembar kena. Salemba iya mangga,” dhawuhe Eyang Yazid.

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni sawise Kyai Yazid miterang babagan mahar, laku lan srana. Banjur Kyai Yazid miterang babagan sirikan. Sirikan yaiku tumindhak utawa pakaryan sing kudu didohi supaya ora nerak sirikan kasebut. Sirikan kuwi kudu dieling-eling temenan. Dhuwit pusaka iki dhuweni maneka werna sirikan. Sirikan kasebut kaping siji yaiku dhuwit pusaka ora kena digawa menyang panggonan wong kasripahan. Kaping loro yaiku dhuwit pusaka ora kena digawa menyang WC utawa papan pakiwan. Kaping telu yaiku dhuwit pusaka ora kena digawa menyang panggonan ngabotohan. Kayadene digawa menyang botohan lurah. Kaping papat yaiku dhuwit pusaka ora kena dicampur karo kupon lotre utawa kupon nomer togel. Sakliyane kuwi dhuwit pusaka iki geleme mung karo wong sing suci. Wong sing duweni dhuwit pusaka iki ora kena laku apus-apus utawa goroh. Sing pungkasan dhuwit pusaka iki ora kena digawe tuku barang haram. Mangerteni keterangane Kyai Yazidpara warga bakul mung bisa melu dhawuhe Kyai kasebut.

4.2.2 Nyengkuyung Tumrap Kapitayan Mistis

Sakliyane percaya marang mitos, masyarakat uga percaya marang babagan mistis. Manungsa kuwi pancen makhluk sing gampang percaya marang kedadeyan mistis. Kaya dene masyarakat ing crita sambung iki sing gampang percaya marang babagan mistis. Kapitayan tumrap mistis sing ana ing Crita Sambung Dhuwit Balik Dewi Lanjar iki maneka wernane. Mistis kasebut ana dhasare, yaiku amerga akeh masyarakat sing durung mangerteni babagan mistis kasebut. Babagan mistis kasebut arupa barang pusaka kang bisa ndadekake manungsa bisa gampang anggone antuk dhuwit utawa bakal antuk kabekjan nalika kapongangan barang pusaka kasebut. Barang pusaka kasebut maneka werna lan duweni cara supaya bisa kasil anggone duweni barang pusaka kasebut. Barang pusaka kasebut yaiku dhuwit pusaka, minyak konibalsawa, popok wewe, dhuwit mirah, irus randha telu, lan kaca paesan. Masyarakat sajrone crita iki isih percaya marang mistis lan nyengkuyung marang mistis kasebut. Kyai Yazid nerangake barang pusaka sing bakal digawe para bakul supaya bisa antuk modhal digawe usaha meneh. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ing ngisor iki. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ing pethikan ing ngisor iki.

“Panjenengan mengko bakal nampa Dhuwit Balik Dewi Lanjar. Kenangapa diarani dhuwit balik amarga dhuwit sing arep panjenengan tanpa kuwi bakal mbalik maneh nadyan wis diblanjakake. Ing kamangka saben sedina dhuwit iku bisa kanggo blanja kaping sepuluh. Kenangapa diwenehi jeneng Dewi Lanjar? Awit napak tilase sesebutane Dewi sing njaga samodra lor yaiku Dewi Lanjar. Kanggo nduweni dhuwit pusaka iki mesthi wae kudu ana mahar, laku, lan srana.”

“Kula pengin mangertosi ngengingi mahar, laku, lan srananipun, Kyai,” ature Kang Darto.

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni sawise Kyai Yazid miterang babagan manungsa kuwi kudu nduweni pakaryan kanggo urip sabendinan, sabanjure Kyai Yazid miterang babagan dhuwit pusaka sing bakal digawe para warga bakul kanggo nambah modhal. Kyai Yazid miterang dhuwit pusaka kuwi jenenge Dhuwit Balik Dewi Lanjar. Tegese Dhuwit balik yaiku dhuwit sing diblanjakake bakal mbalik maneh ana tangane sing nduwe senadyan wis diblanjakake. Dhuwit pusaka kasebut bisa digawe blanja sedina kaping sepuluh. Dene tegese Dewi Lanjar yaiku amarga sesebutan saka ratu segara lor kanga ran Dewi Lanjar. Banjur Kyai Yazid uga miterang yen kepengin nduweni dhuwit pusaka iki kudu duwe mahar, bisa nglakoni laku, lan bisa nglakoni srana supaya bisa mbuktekake khasiate. Banjur Kang Darto takon marang Kyai Yazid ngenani mahar, laku lan srana. Kyai Yazid miterang maneh ngenani mahar, laku, lan srana.

4.2.3 Nyengkuyung Tumrap Kapitayan Dhukun

Sakliyane nyengkuyung anane mitos lan mistis, masyarakat uga nyengkuyung anane dhukun. Manungsa kuwi pancen makhluk sing gampang percaya marang kedadeyan kapitayan tumrap dhukun. Kaya dene masyarakat ing crita sambung iki sing gampang percaya marang anane dhukun spiritual sing diajab bisa paring dalan anggone urip. Kapitayan tumrap dhukun sing ana ing Crita Sambung Dhuwit Balik Dewi Lanjar iki amarga akeh masyarakat sing isih percaya anane dhukun. Percaya marang dhukun kasebut ana dhasare, yaiku amarga akeh masyarakat sing isih percaya yen dhukun kuwi bisa paring dalan supaya uripe luwih kepenak maneh. Kedadeyan kasebut bisa dideleng nalika Sari lagi dodolan barang bekase marang langganane. Nalika kuwi Sari diajak rerasan karo Yu Tumirah. Yu Tumirah kuwi bakul klapa sing ayune kaya Wulan Jamela. Yu Tumirah sambat marang Sari amarga kentekan modhal. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ana pethikan ing ngisor iki.

“Tak ajak ana daleme Pak Yazid apa piye?

“Sapa kuwi? Kayane aku wis tau krungu sruwang-sruwing asmane tokoh spiritual sing mentas mbok sebutake kuwi.”

Pethikan dhata ing ndhuwur kuwi nuduhake nalika Sari nerangake sawise Yu Tumirah takon carane kepriye bisa antuk modhal supaya bisa sambung urip kaya dheweke. Banjur Sari mangsuli pitakone Yu Tumirah. Sari nawani bakal ngajak Yu Tumirah ana daleme Pak Yazid. Mangerteni jenenge Pak Yazid, Yu Tumirah kaget. Amarga jeneng kuwi ora asing maneh ana ing kupinge Yu Tumirah. Banjur Sari miterang maneh marang Yu Tumirah. Dheweke jelasake sapa kuwi Pak Yazid sejatine. Kedadeyan kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ing ngisor iki.

“Pak Yazid utawa Kyai Yazid kuwi sing nulungi aku. Panjenengane iku bisa nyulap dluwang dadi dhuwit. Teka mrana aku mung tangan kosong. Mulih-mulih wis nggawa dhuwit modhal. Ya dhuwit kuwi sing dakenggo modhal. Yen teka tangan kosong wae entuk modhal, apa maneh yen panjenengan kersa ngasta dhuwit pokok kanggo mahar, mesthi bisa ditikelake gunggung,” critane Sari empuk.

Pethikan dhata ing ndhuwur kuwi mangsuli pitakonane Yu Tumirah ngenani sapa sejatite Pak Yazid kuwi. Banjur Sari mangsuli pitakone Yu Tumirah, Pak Yazid kuwi sing nulungi Sari nalika lagi kesusahan. Pak Yazid kuwi bisa nyulap dluwang dadi dhuwit. Nalika kuwi Sari menyang daleme Pak Yazid nganggo tangan kosong. Tegese ora gawa apa-apa. Ya dhuwit saka Pak Yazid kuwi sing digawe modhal usaha Sari nganti tekan saiki. Sari uga nambahi omongan, yen gawe tangan kosong wae antuk modhal. Apa maneh gawa modhal sing akeh, mesthi modhal balike malah luwih akeh. Mangerteni katrangan Sari, Yu Hanag ora percaya.

Nanging Sari wis mbuktekne yen dheweke wis kasil anggone nyambung urip.

4.3 Kang Nglandhesi Tuwuhe Kapitayan sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar

Akeh perkara sing nglandhesi tuwuhe rasa percaya marang barang pusaka iki maneka warna. Perkarane yaiku ana loro, yaiku perkara kulawarga lan perkara ekonomi. Ana paraga sing percaya marang barang pusaka iki amarga perkara kulawargane sing kacingkrangan. Mula ndadekake rasa tuwuhe paraga kasebut percaya marang barang pusaka sing dipercaya bisa nulungi kulawargane supaya ora kacingkrangan. Perkara liyane yaiku amarga ekonomine para warga bakul sing padha kentekan modhal usaha bakulan. Mula akeh para warga bakul sing percaya marang barang pusaka kang awujud dhuwit pusaka iki.

4.3.1 Perkara Kulawarga

Urip ing ndoya iki pancen akeh pacoban sing kudu ditindakake. Pacoban kuwi maneka warna. Ana sing abot lan ana sing entheng. Kaya dene pacoban sing ana ing kulawarga. Pacoban sing ana ing kulawarga kuwi maneka warna. Yaiku perkara ekonomi lan perkara ana wanita liya sajrone kulawarga. Sajrone cerita sambung dhuwit balik dewi lanjar iki ana kulawarga sing kahanane kena pacoban urip yaiku kulawargane Sari. Sari ngonangi bojone yaiku Joko sing lagi nduweni hubungan asmara karo randha anyaran sing jenenge Katri. Sari ngonangi bojone selingkuh kuwi saka hpne Joko. Saka hpne Joko kuwi ana sms-e randha katri. Sari atine gela, banjur dheweke nggolek guru spiritual supaya bisa gawe ayeme atine.

“Sari terus crita kabeh lelakon uripe. Kawiwatan saka balewismane sing kurang harmonis. Kahanan kulawarga sing kekurangan secara ekonomi amarga bojone di PHK. Karepe Sari arep mbudidaya ngowahi nasib, nanging malah mlebu ana cangkeme baya. Ya wiwit iku panandhang kudu dirasakake dening Sari. Kabeh critane Sari dakcathet lan daktulis maneh. Ing pamrih muga-muga lelakon ala iku bisa dadi kaca benggala lan pasinaon kanggo warga bebrayan.”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni nalika kuwi Pak Guru takon marang Sari. kepriye critane nganti kedaden lelakon kaya kuwi. Banjur Sari crita ngenani lelakon uripe. Kawiwitane yaiku saka balewismane sing kurang harmonis. Kulawargane Sari lagi nandhang kahanan kekurangan ekonomi. Kekurangan ekonomine yaiku amarga bojone Sari kena PHK. Mangerteni bojone kena PHK, Sari nduwe panemu yaiku arep mbudidaya uripe supaya bisa owah. Nanging malah kliru mlebu cangkeme baya. Tegese mlebu cangkeme baya yaiku wong sing kliru jupuk dalan bebener nanging antuk dalan sing salah. Mula, ndadekake uripe kulawargane Sari dadi kacingkrangan. Saka kedadeyan kuwi Sari kudu nglakoni lakon sing pait. Nalika Sari crita, Pak Guru ora lali nyathet apa sing wis diomongake Sari. Pak Guru nduweni tujuan nalika dheweke nulis

kedadeyan sing dilakoni Sari bisa dadi kaca benggala lan pasinaon tumrap warga bebrayan kabeh. Sakliyané amarga kena PHK, ana perkara liya sing njalari bubarane kulawargane Sari. Yaiku amarga kelakuane Joko. Wis ngerti kena PHK, bojone Sari kuwi malah sambung peteng karo randha tangga desa. Mula, Sari ora betah karo kahanan sing kaya mangkono.

4.3.2 Perkara Ekonomi

Saliyané perkara kulawarga, manungsa mesthi diuji ekonomine. Perkara ekonomi kuwi bisa dadi perkara kulawarga. Perkara ekonomi kuwi maneka warna jinise. Jinise yaiku amarga ana pengangguran, amarga kena ora duwe dhuwit (miskin) amarga rega panganan larang, amarga duwe utang akeh, lan bisa uga amarga kentekan modhal usaha. Kabeh jinis perkara ekonomi kasebut sing bisa ndadekake perkara ekonomi sajrone kulawarga. Kaya dene sing dilakoni dening Pak Guru Yusuf sajrone cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar iki.

“... saka Kang Darto kuwi gawe pikirane Gus Yusuf goreng. Gorehe amarga dheweke uga kepengin entuk tambahan dhuwit kanggo nutup kebutuhan padinan. Pak Yusuf iku guru SMP. Wis duwe omah tembok nadyan prasaja. Motor lanang isih anyar nadyan utangan. Anak loro isih cilik-cilik. Emane, bojone ora nyambut gawe ning ayu imut-imut kaya boneka Barbie tur isih enom. Gajine Pak Yusuf wis meh entek dipotong BRI lan koperasi sekolah. Kaya lumrahe pegawai cilikan liyane, Pak Yusuf kudu nindakake manajemen Mak Erot. Apa tegese manajemen Mak Erot kuwi? ...”

Pethikan dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni sawise antuk katerangane Kang Darto ngenani dhuwit pusaka. Pak Guru Yusuf pikirane dadi goreng. Gorehe amarga dheweke uga kepengin duweni dhuwit pusaka kuwi. Yen antuk dhuwit pusaka kuwi Pak Guru Yusuf bakal bisa nutupi kabutuhane sabendinane. Dheweke wis ora susah mikir abot maneh babagan kabutuhan sabendinane kuwi. Senadyan wis dadi Guru ana ing SMP kuwi yen wis omah-omahe kabutuhane wis mesthi ana wae. Apa maneh Pak Guru Yusuf kuwi wis omah-omah. Bojone ayu kaya berbe ora nyambut gawe amarga wis duweni anak cacah loro isih cilik-cilik. Sakliyané kuwi Pak Guru Yusuf uga wis duweni omah tembok sing prasaja lan duweni motor lanang sing isih anyar senadyan motor utangan. Pak Guru Yusuf kuwi kayata pegawai cilik-cilikan liyane. Gajine wis entek digawe nyaur utang ana ing BRI lan ana ing koperasi sekolahane. Mula saka kuwi Pak Guru Yusuf kudu bisa ngatur manajemen kulawargane supaya bisa tetep urip ana ing ndunya iki. Pancen manungsa kuwi kudu bisa ngatur manajemen ekonomi. Yen ora bisa ngatur mesthi bakale kecantol ana Bank. Tegese bakale utang marang salah sijine bank sing ana ing dhaerah kasebut.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar ngrembug wujud kapitayan, tangkepe masyarakat tumrap kapitayan, lan kang nglandhesi tuwuhe kapitayan. Wujud kapitayan kuwi ana telu, yaiku (1) Kapitayan tumrap mitos, (2) Kapitayan tumrap mistis (3) Kapitayan tumrap dhukun. (1) Kapitayan tumrap mitos yaiku kapitayan kang jlentrehake ngenani wewaler sajrone duweni dhuwit pusaka kang aran Dhuwit Balik Dewi Lanjar. Wewaler utawa sirikane yaiku bab-bab kang kudu disingkiri saben pawongan. Yaiku (1) Dhuwit pusaka kang aran Dhuwit Balik Dewi Lanjar ora kena digawa menyang papan pakiwan utawa WC, (2) Ora kena digawe tuku barang haram. (3) ora kena digawa menyang panggonan wong kasripahan, (4) Ora kena digawe botohan lurah. (5) Ora kena dicampur karo kupon lotre. Wujud kapitayan sabanjure (2) Kapitayan tumrap mistis yaiku kapitayan kang percaya anane barang pusaka kang duweni kekuwatan gaib. Barang pusaka kang duweni kakuwatan gaib yaiku (1) Dhuwit pusaka, (2) Minyak konibalsawa, (3) Popok wewe, (4) Dhuwit mirah, (5) Irus randha telu, (6) Kaca paesan, lan (7) Pasa putih patang puluh dina. Wujud kapitayan sabanjure (3) Kapitayan tumrap dhukun yaiku kapitayan marang dhukun. Akeh masyarakat kang percaya anane dhukun. Dhukun ing crita CDBDL tegese (1) Tokoh spiritual kang bisa paring tetulung marang abdine utawa marang pasiene lan (2) Paring olah kanuragan yaiku bisa sulapan

Tangkepe Masyarakat tumrap kapitayan sajrone CDBDL yaiku ana telu. Yaiku (1) Masyarakat nyengkuyung tumrap kapitayan mitos, (2) Masyarakat nyengkuyung tumrap kapitayan mistis, lan (3) Masyarakat nyengkuyung tumrap dhukun. (1) Masyarakat nyengkuyung tumrap kapitayan mitos yaiku Masyarakat kang isih percaya marang sirikan utawa wewaler kang wis dijlentrehake marang Tokoh spiritual sajrone cerbung iki. Dene tangkepe sabanjure (2) Masyarakat nyengkuyung tumrap mistis yaiku masyarakat kang isih percaya marang barang pusaka kang duweni daya linuwih utawa gaib. Sabanjure (3) Masyarakat nyengkuyung tumrap kapitayan dhukun yaiku masyarakat sing isih percaya marang tokoh spiritual. Kang duweni ilmu kang linuwih utawa bisa paring dalan supaya bisa urip luwih apik

Kang nglandhesi tuwuhe kapitayan yaiku amarga (1) perkara kulawarga lan (2) perkara ekonomi. Perkara kulawarga yaiku sing dilakoni dening Sari lan Joko Santoso. Wong sakloron kulawargane lagi diuja dening Gusti kang nyipta jagad. Sawise Joko kena PHK saka pabrik, kadilalah dheweke tumindak sedheng marang randha Katri. Kedadeyan kuwi ndadekake rasa mangkele Sari marang tumindake Joko Santoso. Wis ora kerja malah duwe simpenan wanita liya. Saka kedadeyan kuwi ndadekake kulawargane pecah. Wong sakloron ahkire padha pisahan.

Banjur kang nglandhesi tuwuhe kapitayan sabanjure yaiku (2) perkara ekonomi. Akeh paraga ekonomine padha kentekan modhal. Mula para warga bakul padha nggolek dalan supaya antuk modhal usaha. Sawise antuk dalan kanggo tambah modhal kadilalah

**Kapitayan Sajrone Cerbung Dhuwit Balik Dewi Lanjar
Anggitane Ki Sudadi
(Tintingan Antropologi Sastra)**

dalan kuwi malah nggawe sengsarane para warga bakul. Sakliyane para warga bakul ana paraga sing dadi kurban sabanjure yaiku guru SMP. Guru SMP kuwi uga ekonomine pas-pasan. Mula dheweke melu kaya para warga bakul liyane. Wusanane kabeh kurban padha kena apus-apuse guru spiritual.

5.2 Pamrayoga

Adhedhasar asile panliten, masyarakat Jawa isih percaya marang kapitayan marang barang pusaka. Panliten iki kaajab bisa dadi sumbangsih tumrap panliten sastra sabanjure, mligine sing nganggo tintingan antropologi sastra, senjata isih akeh bab sing kurang lan kudu akeh sing dibenerake. Panliten iki uga kaajab supaya pamaos mangerteni anane kapitayan barang pusaka sing nganti saiki isih ngrembaka ing masyarakat Jawa, senjata wis kagolong masyarakat Jawa *modern*. Masyarakat Jawa *modern* isih akeh sing percaya anane barang pusaka kayata dhuwit ajaib, minyak konibalsawa, irus randha telu, lan kaca paesan, lan isih akeh maneh liyane sing ana ing sakiwa tengene manungsa.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesido

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Basir, Udjang. 2014. *Keterampilan Menulis*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya

Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama

Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawen Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi

Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi

Geertz, Clifford. 1981. *Abangan, Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Terjemahan Aswab Mahasin. Jakarta: Pustaka Jaya

Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI Komda Jatim

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka

Koentjaraningrat. 2005. *Pengantar Antropologi II*. Jakarta: Rineka Cipta

----- 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta

Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya

Padmoesoekotjo, 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Purnomo, Bambang, 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lisan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara

Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar

Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Robson. 1978. *Pengkajian Sastra-Sastra Tradisional Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Sardi, A. 2017. *Kena Kalaning Sengkala. Djaka Lodang*. No. 06-15 Juli-September 2017. Hlm. 49-51

Semi, M. Atar. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa Bandung

Sudikan, Setya Yuwana. 2007. *Antropologi Sastra*. Surabaya: Unesa University Press

Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung: ALFABETA

Suwarni. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya

Suwarni. 2018. *Bunga Rampai Bahasa, Sastra dan Budaya*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.

Wahyu, Sri Widayati, dkk. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.

Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut